

# NOUVO LWA DE PWOTEKSYON TRAVAY



# OU TE KONNEN KE:

- Si ou genyen yon kontra fiks oswa endefini epi ou afilye ak asirans chomaj la.
- Si ou se yon moun ki travay nan ka patikilyè epi ou resevwa tout pèyman legal yo (Fonasa, AFP epi fon konpansasyon)
- Si ou te fè akò de revokasyon apati de 18 mas 2020

## OU KAPAB GEN AKSÈ A NOUVO "LWA PWOTEKSYON TRAVAY

# KISA LWA SA YE?

Nouvo "Lwa Pwoteksyon Travay" chachè pwoteje relasyon travay pandan kriz sanitè a, pou evite revokasyon epi pou benefisye moun ki pa kapab travay presansyèlman poutèt lojistik la enpòsib oswa pou tip de travay yo reyalize, a travè itilizasyon Asirans Chomaj. Nòm yo etabli pou 6 mwa depi lè li kòmanse valid, jou 6 avril.

## KI ALTÈNATIF LI OFRI?

ALTÈNATIF	KISA LI SIYIFI	KISA ENPLIKE
Sispansyon kontra pa aksyon otorite	Kontra a sispann paske otorite yo(Leta) dekrete paralizasyon tanporè aktivite ekonomik yo.	Anplwayè yo dwe kontinye peye kotizasyon previzyonèl yo epi sante. Travayè yo ap resevwa pèyman reminerasyon nan men asirans Chomaj la nan AFC. Nan ka anplwayè kay patikilyè yo pèyman yo ap sòti nan fon konpansasyon ke yo genyen nan AFP.. Kantite lajan asirans lan bay nan premye mwa a ekivalan a 70% salè travayè a, apresa nan lòt mwa yo pousantaj lan ap redwi pwogresivman pandan yon maksimòm 5 mwa si li genyen kontra endefini oswa 3 mwa si ou genyen kontra fiks.
Sispansyon kontra a pa akò tou de kote yo.	Kontra a sispann tanporèman pa akò tou de kote yo lè aktivite yo afekte totalman oswa yon pati pa kriz Covid-19 la.	Yo pa ka revoke travayè yo pou rezon fòs majè pou kòz Covid-19.
Akò rediksyon tanporè pou jounen travay.	Anplwayè yo kapab dakò avèk travayè yo endividyèlman oswa kolektivman pou diminye jiska 50% nan jounen travay yo.	Anplwayè yo dwe peye reminerasyon an dapre kantite èdtanefektivman travay epi kotizasyon previzon pwoòsyonèl ak jounen travay la. Travayè yo dwe resevwa yon pousantaj adisyonèl nan salè yo ki rive jiska 25% k'ap sòti nan asirans Chomaj la. Tout lòt Benefis yo tankou, assignasyon, bonis ak lòt konsèp eksepsyonèl oswa pou yon tan ap toujou kenbe menm jan.

# SI OU SE YON TRAVAYÈ:

## KI KONDISYON OU DWE KONPLI POU JWENN AKSÈ AK LALWA SA A?

### 1. Nan ka sispansyon kontra

- Ou dwe genyen 3 kotizasyon kontinye nan twa dènye mwa yo, oswa 6 kotizasyon swivi oswa non pandan dènye 12 mwa yo. Nan dezyèm ka sa, de dènye kotizasyon yo dwe avèk menm anplwayè a.

### 2. Nan ka akò de rediksyon jounen Travay

- Nan ka Si ou genyen yon kontra endefini, ou dwe akredite 10 kotizasyon chak mwa, de fason kontinye oswa non, ak menm anplwayè a.
- Nan ka ta gen kontra fiks, ou dwe genyen 5 kotizasyon chak mwa, de fason kontinye oswa non..

## ESKE YO KAPAB REVOKE OU AKOZ COVID-19?

**Non.** Lalwa a etabli yon règ jeneral ki aplikab a tout kontra travay yo, ki di byen klè ke pandan sis mwa oswa pandan peryòd Eta Katastwòf la yo pa kapab revoke travayè yo sou baz koz fòs majè oswa ka pou konsekans COVID-19.

### Sonje:

- Travayè yo pa dwe fè okennpwosesis sèlman si yo se travayè nan kay patikilyè. Nan lòt ka yo, se anplwayè yo ki dwe fè pwosesis yo nan enstitisyon ki koresponn nan.
- Si ou genyen nenpòt kesyon oswa plent sou mal itilize lalwa a kontakte direksyon travay nan <https://www.dt.gob.cl/>
- Pèyman benefis yo ap fèt an premye nan kont endividyèl travayè a pou chomaj epi yon fwa li fini y'ap kontinye nan fon chomaj solidarite a.
- Si ou pa genyen kòb nan kont endividyèl ou, benefis yo peye nan fon chomaj solidarite a.

# SI OU SE ANPLWAYÈ

Ou oblije kontinye peye kotizasyon previzyon ak sante pou travayè ou yo. Epi ou dwe fè demand lan pou akonpli lalwa nan enstitisyon ki koresponn nan:

- Nan ka sispansyon kontra pou travayè depandan yo nan AFC-Administrasyon fon chomaj la <https://www.afc.cl/>
- Nan ka sispansyon travayè patikilyè yo nan AFP-Administrasyon Fon pou pansyon <http://www.spensiones.cl/>
- Nan ka rediksyon jounen travay nan DT- Dreksyon Travay <https://www.dt.gob.cl/>

## KIYÈS MOUN KI PAP KAPAB GEN AKSÈ AK LALWA SA?

- Travayè ki pa gouvène pa Kòd travayè a oswa ki pa afilye ak asirans chomaj la.
- Travayè yo ki ap resevwa sibvansyon poutèt yo pa kapab kontinye travay (Lisans medikal oswa lòt motif sou sante)
- Travayè ki te fè yon pak ak anplwayè yo sou kontinwite aktivite yo nan tan otorite (leta ) deklare anilasyon aktivite yo.

**POU PLIS ENFÒMASYON SOU LALWA NOU REKÒMANDE OU AKSEDE SOU PAJ**  
<http://www.protecciondelempleo.cl/>

Lalwa Pwoteksyon Travay la efikas atravè Asirans pou Chomaj ak Fon Konpansasyon nan AFP pou ka travayè domestik yo, pou rezon sa nou ta dwe konnen:

## Kisa Asirans pou Chomaj lan ye?

Asirans pou Chomaj se yon pwoteksyon ekonomik nan ka ou rete nan chomaj ki sòti nan Fon Chomaj (AFC) epi ki pwoteje tout travayè yo ak kontra endefini, kontra fiks, oswa pou travay oswa sevis; fòk li toujou gouvènè pa Kòd travay la.

Pou chak moun ki afilye ak Asirans pou Chomaj AFC kreye yon kont Endividyèl pou chomaj (CIC) kote resous ki ap akimile yo ap pou travayè a, anplis de yon Fon chomaj solidè (FCS) ki konpoze de resous leta ak anplwayè a e ki pa pou okenn travayè patikilye, men pou tout travayè ki afilye yo.

Nan ka a COVID-19 la sou ki lwa pwoteksyon travay la te aplike, travayè a ki pa gen lajan ki disponib nan kont Chomaj Endividyèl li (ICI) yo pral kapab konplèman li ak Fon chomaj solidè (FCS).

## Kisa Fon Konpansasyon an ye?

Nan ka travayè kay patikilyè yo, anplwayè a dwe peye chak mwa 4,11 de Salè a nan AFP sou kritè de "konpansasyon nan nenpòt evènman" konsiste deli se yon valè apa de reminerasyon ke anplwayè a ak kotizasyon pou pansyon. Epi li se pou moman travayè a rete san travay swa poutèt kontra fini oswa pou lòt rezon. Nan ka sa a ak pou pandemi aktyèl la pou Covid-19 AFP pa ou a dwe peye depi sou kont travayè a.

## Kilè y'ap resevwa pèyman travayè ki afilye ak asirans chomaj ki enskri pou sispansyon kontra travay la?

Dat pèyman chak travayè a ap depann sou de faktè: dat li sispann travay la epi jou anplwayè li a ranpli demand lan. Chak travayè ap resevwa yon imel de AFC Chili pou enfome dat Pèyman an.

Pou konnen dat yo, aksede ak lyen swivan an:

[https://www.afc.cl/wp-content/uploads/2020/04/afc\\_calendariodepagos.pdf](https://www.afc.cl/wp-content/uploads/2020/04/afc_calendariodepagos.pdf)



Búscanos como sjmchile:

